

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode kuantitatif ngaliwatan pamekaran kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén dina ieu panalungtikan dipaké pikeun mikanyaho béda anu signifikan kamampuh paguneman siswa antara saméméh jeung sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung media vidéo ka siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung taun ajar 2018/2019.

Nurutkeun (Arikunto, 2013, kc. 123), métode ékspérimén miboga tilu rupa desain, diantarana 1) *one shot case study*; 2) *pretest and posttest*; 3) *static group comprasion*. Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *one group pre-test and post-test design*. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dua kali, nyaéta ku cara méré *pre-test* pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina pangajaran paguneman saméméh dibéré *treatment*. Tuluy siswa dibéré *treatment* anu mangrupa téknik *mnemonik* jeung média vidéo pikeun ngalatih siswa dina pangajaran paguneman. Sabada dibéré *treatment*, siswa dibéré *post-test* pikeun ngukur kamampuh ahir siswa dina pangajaran paguneman. Ieu pola bisa digambarkeun saperti ieu dihandap.

$$\boxed{O_1 \ X \ O_2}$$

(Sugiyono, 2017, kc.75)

Katerangan:

O_1 = *pre-test* (kamampuh nyarita siswa dina pangajaran paguneman saméméh maké *treatment*).

X = *treatment* (pangajaran paguneman maké téknik *mnemonik* jeung média vidéo).

O_2 = *post-test* (kamampuh nyarita siswa dina pangajaran paguneman sabada dibéré *treatment*).

Luyu jeung tujuan panalungtikan, ieu desain dipaké pikeun ngukur luyu jeung henteuna téknik *mnemonik* jeung média vidéo dina pangajaran paguneman ka siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung taun ajar 2018/2019.

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung taun ajar 2018/2019 anu jumlahna 32 siswa, 12 siswa lalaki jeung 20 siswa awéwé. Sangkan leuwih jéntré, bisa katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1
Sumber Data Panalungtikan

Kelas	Jenis Kelamin	Jumlah
VII A	Awéwé	22
	Lalaki	10
	Jumlah Siswa	32

3.3 Instrumén Panalungtikan

3.3.1. Instrumén Panalungtikan

Instrument panalungtikan nyaéta alat anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data (Arikunto, 2013, kc.203), instrumén anu dipilih kudu luyu jeung kapentingan nalika panalungtikan. Nyusun instrumén mangrupa salah sahiji hal penting dina léngkah panalungtikan. Dina ieu panalungtikan maké téknik tés lisan jeung non-test.

Téknik tés nyaéta runtuyan patalékan atawa latihan anu dipaké pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2013, kc. 193). Ieu hal luyu jeung pamadegan (Nugraha, 2018, kc. 44) nu nétélakeun yén evaluasi tés hasil diajar mangrupa salah sahiji cara pikeun ngukur kahontalna prosés pangajaran nu geus dilaksanakeun. Dina ieu panalungtikan tés anu dipaké nyaéta tés lisan, pikeun ngukur kamampuh siswa dina pangajaran paguneman. Ieu tés dilaksanakeun dua kali, di waktu *pre-test* pikeun ngukur kamampuh nyarita siswa dina pangajaran paguneman saméméh ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo jeung *post-test* pikeun ngukur kamampuh nyarita siswa dina pangajaran paguneman sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo dina pangajaran paguneman. Kamampuh nyarita dina pangajaran paguneman ditilik tina aspék lentong (merenah jeung luyu), diksi

(kekecapan anu merenah jeung luyu), volume sora (sora kadéngé jelas ku paregep), gerak jeung paroman (saluyu jeung eusi carita), kalancaran (lancer dina nyarita, gagasan jéntré, sistematis, urutan logis).

Ku sabab instrumén dina ieu tés maké tés lisan, ku kituna sabada siswa diskusi pikeun ngajawab patalékan tina soal nu disalabarkeun siswa tuluy ngapraktékeun pangajaran paguneman sacara lisan. Instrumén *pre-test* jeung *post-test* tés anu dipaké pikeun siswa saperti ieu dihandap.


Lembar Kerja Paguneman

Dina kahirupan sapopoé tangtu urang teu lepas tina kagiatan nyarita jeung jalma séjén. Sababaraha conto dina kagiatan nyarita diantarana nalika nyapa (*menyapa*), ngawanohkeun diri (*memperkenalkan diri*), seja amitan (*berpamitan*), neda widi (*meminta ijin*), ngahaturkeun nuhun (*berterimakasih*) jeung neda panghampura (*meminta maaf*).

1. Di handap aya sababaraha téma anu ngailustrasikeun hiji carita, pék jieun hiji paguneman kalayan merhatikeun undak-usuk basa sarta kalimah nu merenah! Téma jeung gambar nu dipilih nyaluyukeun nomer kelompok hidep!
 - 1) Téma: Nyapa (*Menyapa*)
 - 2) Téma: Ngawanohkeun Diri (*Memperkenalkan Diri*)
 - 3) Téma: Seja Amitan (*Berpamitan*)
 - 4) Téma: Neda Widi (*Meminta Ijin*)
 - 5) Téma: Ngahaturkeun Nuhun (*Mengucapkan Terimakasih*)
 - 6) Téma: Neda Panghampura (*Meminta Maaf*)
2. Sabada nyieun paguneman, pék apalkeun tuluy gunemkeun jeung ragakeun kalawan merhatikeun lafal, sora, jeung lentong nu merenah dibaengan ku sikep, gerak jeung paroman anu luyu!

3.4 Prosedur Panalungtikan

Dina prosedur panalungtikan dipedar ngeunaan léngkah-léngkah ngalaksanakeun panalungtikan sangkan bisa dilaksanakeun kalayan sistematis. Prosedur panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan bisa katitén bagan ieu di handap.



Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan

Sangkan jéntré, prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun saperti ieu dihandap

1) Idéntifikasi Masalah

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru basa Sunda SMPN 14 Bandung ngeunaan masalah atawa pasualan anu karandapan ku siswa nalika pangajaran paguneman, hususna di kelas VII A.

2) Ngarumuskeun Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh nyarita siswa di kelas VII A SMPN 14 Bandung.

3) Raraga Tiori

Sabada ngarumuskeun masalah, panalungtik ngumpulkeun tiori pikeun ngungkulan masalah anu karandapan. Raraga tiori mangrupa hal nu diperlukeun pisan ku nu nalungtik, sabab sangkan panalungtikanna kokoh jeung ilmiah. Salah sahiji tiori anu dipaké nyaéta tiori ngeunaan téknik *mnemonik* jeung vidéo sarta tiori paguneman.

4) Ngarumuskeun Hipotésis

Ngarumuskeun hipotésis mangrupa ngarumuskeun jawaban-jawaban sementara sabab jawaban anu geus dicangking karék dumasar tiori acan nepika fakta anu empiris anu dicangking ku cara ngumpulkeun data.

5) Ngarumuskeun Instrumén Panalungtikan

6) Ngumpulkeun Data (*Pretest, Treatment, Posttest*)

Sabada kapanggih sababaraha masalah dina pangajaran paguneman di kelas VII A SMPN 14 Bandung taun ajar 2018/2019, tuluy dilaksanakeun panalungtikan ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téknik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés lisan. Tés dilaksanakeun dua kali, nyaéta *pretest* jeung *posttest*. *Pretest* dilaksanakeun saméméh *treatment*, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nyarita siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung taun ajar 2018/2019 dina pangajaran paguneman saméméh ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo. Ari *posttest* dilaksanakeun sabada *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nyarita siswa kelas VII A SMPN 14 Bandung taun ajar 2018/2019 dina pangajaran paguneman sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo.

7) Analisis Data

Data anu geus aya nyaéta data *pretest* jeung *posttest*. Dina ieu tahap, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara maké rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi SPSS PASW v. 18.

8) Nyusun Laporan Panalungtikan

Sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan jeung nganalisis data, panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta maké téknik tés lisan. Téknik tés dipaké pikeun ngumpulkeun data kamampuh nyarita dina pangajaran paguneman siswa anu ngawengku lentong, diksi, volume sora, gerak jeung paroman, sarta kalancaran nalika nyarita. Tés didieu ogé mangrupa alat ukur pikeun mikanyaho kamampuh pangajaran paguneman saméméh ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo, jeung sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo. Téknik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha tahapan, diantarana.

- 1) Siswa dibéré tés awal (*pretest*) pikeun ngukur kamampuh nyarita siswa dina pangajaran paguneman saméméh ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo.
- 2) Sabada mikanyaho hasil *pretest*, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran paguneman kalawan maké téknik *mnemonik* jeung média vidéo.
- 3) Nepikeun matéri paguneman kalawan ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo dina lumangsungna prosés pangajaran. ieu kagiatan disebut *treatment* (perlakuan)
- 4) Sabada ngalaksanakeun *treatment*, siswa dibéré tés ahir (*posttest*) pikeun mikanyaho kamampuh nyarita siswa dina pangajaran paguneman sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo.

3.6 Analisis Data

3.6.1 Téknik Ngolah Data

Sabada data ka kumpul, aya sababaraha léngkah anu kudu dilakukeun ku panalungtik dina menangkeun jawaban tina hasil anu geus ka kumpul, nyaéta ieu dihandap.

- 1) Ngarobah caritaan siswa dina wangun tulisan kana wangun lisan
- 2) meunteun siswa saméméh jeung sabadana (tés awal jeung tés ahir) sarta nyirian anu salah jeung kurang merenah nurutkeun skala peniléyan ieu dihandap.

Tabél 3.2
Skala Aspék anu Dipeunteun

No	Aspék		Skor jeung Peunteun	Kriteria
1.	Kabasaan	Intonasi	(22 – 25)	Alus Pisan: lentong, wirahma jeung nada anu ngalarapkeun merenah pisan luyu jeung situasi sarta téks anu digunemkeun.
			(18 – 21)	Alus: lentong, wirahma jeung nada anu ngalarapkeun merenah luyu jeung situasi sarta téks anu digunemkeun.
			(14 – 17)	Cukup: lentong, wirahma jeung nada anu ngalarapkeun cukup merenah luyu jeung situasi sarta téks anu digunemkeun.
			(10 – 13)	Goréng: lentong, wirahma jeung nada anu ngalarapkeun kurang merenah teu luyu jeung situasi sarta téks anu digunemkeun.
			(7 – 9)	Goréng Pisan: lentong, wirahma jeung nada anu ngalarapkeun teu merenah pisan, teu luyu jeung situasi sarta téks anu digunemkeun.
		Diksi	(22 – 25)	Alus Pisan: merenah dina maké kecap, pilihan kecap merenah, ngawasa dina ngawangun kecap.
			(18 – 21)	Alus: hamper sampurna dina milih kecap, pilihan kecap merenah, ngawasa dina ngawangun kecap.
			(14 – 17)	Cukup: aya sababaraha kasalahan dina maké kecap, pilihan kecap, teu pati ngawasa dina ngawangun kecap.
			(10 – 13)	Goréng: kasalahan dina maké kecap, pilihan kecap kurang merenah, teu ngawasa dina ngawangun kecap.

No	Aspék	Skor jeung Peunteun	Kriteria
	Volume Sora	(7 – 9)	Goréng Pisan: loba pisan kasalahan dina milih kecap.
		(13 – 15)	Alus Pisan: sora kadéngé jelas ku paregep.
		(10 – 12)	Alus: sora kadéngé jelas ku pangregep, tapi sababaraha waktu sora kadang ngalaunan.
		(7 – 9)	Cukup: sora kurang kadéngé jelas, tapi siswa nyarita ku cara nu bedas.
		(4 – 6)	Goréng: sora kurang kadéngé jelas lantaran teu bedas, tapi rada jelas.
		(1 – 3)	Goréng Pisan: sora teu kadéngé pisan.
2.	Gerak jeung Paroman	(13 – 15)	Alus Pisan: sikep midang hadé pisan, éksprési tenang sarta teu gempeur
		(10 – 12)	Alus: sikep midang ngadeukeutan sampurna, éksprési lumayan tenang sarta teu gempeur.
		(7 – 9)	Cukup: sikep midang cukup wajar, éksprési tenang tapi geumpeur
		(4 – 6)	Goréng: sikep midang kurang wajar sarta ekspresi geumpeur
		(1 – 3)	Goréng Pisan: sikep midang teu wajar sarta ekspresi geumpeur
	Kalancaran	(13 – 15)	Alus Pisan: lancar dina nepikeun paguneman sarta teu aya hambatan
		(10 – 12)	Alus: hampir sampurna dina nepikeun paguneman, tapi aya saeutik nu salah
		(7 – 9)	Cukup: loba kasalahan nalika nepikeun paguneman.
		(4 – 6)	Goréng: siswa loba eureun nalika nyarita.
		(1 – 3)	Goréng Pisan: siswa teu siap atawa teu bisa ngaragakeun paguneman di hareup babaturanna.

No	Aspék	Skor jeung Peunteun	Kriteria
	Jumlah	14-100	

Haerudin & Suherman (2013, kc. 128) kalayan diropéa nyaluyukeun jeung kabutuhan sarta kondisi siswa.

- 3) Méré peunteun jeung nganalisis hasil kamampuh paguneman siswa saméméh jeung sabada ngalarapkeun *treatmen*, kalawan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum skor siswa}{\sum skor maksimal} \times 100\%$$

Keterangan :

P : peunteun
 $\sum skor siswa$: jumlah peunteun siswa
 $\sum skor maksimal$: jumlah peunteun maksimal

- 4) Ngasupkeun peunteun kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.3

*Tabél Format Peunteun Pre-test jeung Post-test
 Kamampuh Nyarita Siswa dina Pangajaran Paguneman*

No Absen Siswa	Aspék nu dipeunteun					P	Kategori
	Kabasaan			Non Kabasaan			
	A	B	C	D	E		
Σ							
\bar{x}							

Katerangan:

A = Intonasi
 B = diksi
 C = volume sora
 D = gerak jeung paroman
 E = kalancaran
 P = Peunteun
 Σ = jumlah peunteun
 \bar{x} = rata-rata

Tabél 3.4

Skala Peunteun Kamampuh Paguneman

Skala	Katégori
81 – 100	Alus Pisan
61 – 80	Alus
41 – 60	Cukup
21 – 40	Goréng
1 – 20	Goréng Pisan

3.6.2 Uji Normalitas

Nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions* (SPSS) nyaéta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistika. Data *input* anu dianalisis nyaéta hasil tina *pre-test* jeung *post-test*, jeung *indeks gain* anu satuluyna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

Uji normalitas miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal atawa henteu. Sakumaha anu ditétélakeun ku (Sugiyono, 2015, kc. 425) yén, uji normalitas miboga tujuan pikeun mikanyaho data anu dipaké miboga sebaran anu luyu jeung *curve* normal atawa henteu. Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipat normal atawa henteu, dina ieu panalungtikan ku cara ngitung maké aplikasi SPSS v.18 (Sugiyono, 2015, kc. 452-454).

Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipat normal atawa teu normal, bisa digunakeun uji *Kolmogorov-Smirov*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 : distribusi data teu normal

H_1 : distribusi data normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogorov-Smirov*, ku taraf signifikan 5% ($\alpha=0,05$). Kritéria ngujina saperti ieu di handap.

1. H_0 ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$. Hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu normal
2. H_0 ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$. Hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu teu normal

3.6.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Nurutkeun (Mustaqim, 2017, kc. 38) nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara. Saupama data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistika parametris kalawan ngagunakeun t-tés, sedengkeun

saupamana data téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistika non-parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H_0 (Hipotésis nol) :Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa dina pangajaran paguneman kelas VII A SMPN 14 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo.

H_1 (Hipotésis alternatif) :Aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa dina pangajaran paguneman kelas VII A SMPN 14 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada ngalarapkeun téknik *mnemonik* jeung média vidéo.